

**TINDAK TUTUR PERLOKUSI SAJRONE FILM YOWIS BEN KARYA FAJAR NUGROS LAN  
BAYU EKO MOEKTITO (BAYU SKAK)**

**Sain Amif Dakhul Ihrom**

Bahasa Daerah, FBS, Universitas Negeri Surabaya, amifsain@gmail.com

**Prof. Dr. Udjang Pairin, M. Basir, M.Pd.**

Bahasa Daerah, FBS, Universitas Negeri Surabaya

**Abstrak**

Tindak tutur perlokusi dalam film Yowis Ben atau TTPFYB dilakukan untuk mempengaruhi dan dilakukan oleh lawan bicara. Titik utama penelitian ini yaitu mengenai apa saja bentuk TTPFYB, bagaimana tanggapannya mitra tutur didalam TTPFYB, bagaimana tujuan penutur di dalam TTPFYB. Titik utama dasar penelitian, tujuwan penelitian ini menjelaskan bentuk tindak ujar perlokusi yang digunakan didalam film Yowis Ben, tanggapannya mitra tutur didalam TTPFYB, dan tujuan penutur didalam TTPFYB. Penelitian ini menggunakan metode deskriptif kualitatif, penelitian ini menitik beratkan di tayangan film Yowis Ben yang tayang di bioskop tanggal 12 februari 2018 yang sudah menjadi objek penelitian ini. Sumber datanya dari rekaman dan catatan film Yowis Ben. Tata cara mengumpulkan data secara metode semak dengan cara metode menyimak dan tulis. Tata cara transkip datanya yaitu dengan teknik menyimak dan mencatat. Kemudian tata cara menjelaskan data secara metode teks dan konteks. Klasifikasi data dengan metode memilah-memilih data sesuai titik utama penelitian. Lalu, verifikasi datanya dengan meninjau data yang sudah dikumpulkan untuk mengetahui keabsahan data tersebut. Hasil penelitian ini dibagi menjadi tiga, yaitu bentuk TTPFYB yang dibagi menjadi 3, yaitu (1) TTPFYB (membuat mitra tutur mengerti), (2) TTPFYB (membuat mitratutur melakukannya), (3) TTPFYB (membuat mitra tutur memikirkannya). Tanggapan mitra tutur didalam TTPFYB dibagi menjadi dua, yaitu (1) tindak ujar perlokusi yang diterima dan ditolak. Tujuan penutur didalam TTPFYB dibagi menjadi dua, yaitu (1) tindak ujar perlokusi dengan tujuan memuji dan memberikan dorongan.

**Kata kunci:** Tindak Ujar Perlokusi dan Film Yowis Ben

**Abstrak**

Tindak tutur perlokusi sajrone film Yowis Ben utawa TTPFYB ditindakake kanggo merbwani lan ditindakake dening paraga liyane utawa mitratutur. Punjere panliten iki yaiku ngenani apa wae wujude TTPFYB, kepriye pananggape mitra tutur sajrone TTPFYB, kepriye tujuwane panutur sajrone TTPFYB. Adhedhasar punjere panliten, tujuwan panliten iki njlentrehake wujud tindak tutur perlokusi kang digunakake sajrone film Yowis Ben, pananggape mitra tutur sajrone TTPFYB, lan tujuwane panutur sajrone TTPFYB. Panliten iki nggunakake metodhe deskriptif kualitatif, panliten iki munjer ing tayangan film Yowis Ben kang tayang ing bioskop tanggal 12 Pebruari 2018 kang uga dadi objek panliten iki. Sumber dhatane saka rekaman lan cathetan film Yowis Ben. Tata cara nglumpukake dhata kanthi metodhe semak lan tulis. Tata cara transkip dhatane yaiku kanthi teknik semak lan cathet. Banjur tata cara njlentrehake dhata kanthi metodhe teks lan konteks. Klasifikasi dhata kanthi metodhe milah lan milih dhata adhedhasar punjere panliten. Dene verifikasi dhatane kanthi ngecek dhata sing wis dikumpulake kanggo meruhi *keabsahan* dhata kasebut. Asil panliten iki kaperang dadi telu yaiku wujud TTPFYB kang diperang dadi telu, yaiku (1) TTPFYB (agawe mitra tutur ngerti), (2) TTPFYB (agawe mitra tutur nindakake), (3) TTPFYB (agawe mitra tutur mikirake). Pananggape mitratutur sajrone TTPFYB diperang dadi loro, yaiku (1) tindak tutur perlokusi kang ditampa lan ditampik. Tujuwane panutur sajrone TTPFYB diperang dadi loro, yaiku (1) tindak tutur perlokusi kanthi tujuwan ngelem lan menehi panyengkuyung.

**Tembung Wigati:** Tindak Tutur Perlokusi lan Film Yowis Ben

**Abstract**

Perlocution speech acts of yowis ben's film or TTPFYB are conducted to influence and performed by actors or interlocutors. The main point of this research are what are the forms of TTPFYB, how do they respond to the partners in TTPFYB, how do the speakers speak in TTPFYB. The basic main point of this research, the aim of this study is to explain the form of action to say perlolocation used in the Yowis Ben film, the partner's response in TTPFYB, and the speaker's purpose in TTPFYB. This study uses a qualitative descriptive method, this research focuses on the Yowis Ben film that aired in theaters on 12 February 2018 which has become the object of this research. The source of the data is from the recording and film record of Yowis Ben. The procedure for collecting the data using bush method by listening and writing methods. The procedure for

transcribing the data is by listening and taking notes. Then the procedure for explaining data in text and context method. Data classify with the method of selecting data according to the main point of research. Then, verify the data by reviewing the data that has been collected. The results of this study are divided into three, there are the form of TTPFYB which is divided into 3, are (1) TTPFYB (making the partner understand), (2) TTPFYB (making partners do it), (3) TTPFYB (making the partner think about it). The partner's response in TTPFYB is divided into two, are(1) the act of saying perlocution is accepted and rejected. The purpose of speakers in TTPFYB is divided into two, are (1) the act of saying perlocution in order to praise and give encouragement.

Important word: follow the word perlocution, yowis ben film

## Purwaka

Salah sawijining panganggone basa sajrone bebrayan yaiku panganggone basa sajrone *film*, kang awujud pacaturan antarane paraga kang nduweni tujuwan supaya gegambaran sajrone *film* bisa luwih urip lan nggambareke latar suasana uga menehi informasi lan bisa ditindakake mitra tutur. Pacaturan sajrone *film* titikan yaiku dhialok antarane paraga karo paraga liyane sajrone adhegan *film* tartamtum, banjur mitra tutur utawa paraga liyane nindhakake apa kang dadi pacaturan.

Manungsa minangka makhluk sosial kang mesthi mbuthuhake basa minangka salah sawijining alat *primer* sajrone mujudake masyarakat (Oka, 1994:1). Mula, bisa diweruhi yen basa minangka salah sawijining kabutuhan *primer* kang nduweni peran peran kanggo ngatur sirkulasi urip ing bebrayan. Panganggone basa bisa lumatar medhia apa wae ananging kang digunakake sajrone panliten iki medhia elektronik lumantar *Bioskop*. Medhia elektronik minangka salah siji piranti kang nduweni peran kang wigati, kanggo pangrembagane basa yaiku kanggo nuturake informasi. *Bioskop* minangka bagiyen saka medhia elektronik nduweni bagiyen kang gedhe sajrone nyampekake informasi lumantar *film-film* kang ditayangake. Bab iki krana medhia eletronik arupa *bioskop* kang akeh disenengi dening masyarakat mligine para pamuda. Sakliyane kuwi, tuturan kang ana sajrone ing medhia kasebut nduweni *kecenderungan* tindak tutur kang beda karo medhia sosial liyane, akeh banget kang nggunakake variasi basa. Tindak tutur yaiku *gejala individual* kang asipat *psikologis* lan *keberlangsungannya* ditentokake dening basa panutur sajrone ngadhepi situasi tartamtum (Austin,1962). Penerapan tindak tutur bisa ditemokake ana ing sajrone medhia elektronik *bioskop* arupa *film*. Salah sijine *film* kang disutradarai dening Fajar Nugros lan Bayu Eko Moektito utawa Bayu Skak kanthi judhul Yowis Ben. *Film* iki ditayangake ing *bioskop* se-Indonesia tanggal 22 Pebruari 2018.

Basa kang digunakake sajrone *film* Yowis Ben karya Fajar Nugros lan Bayu Skak nggunakake basa Jawa mligine dhilek Jawa timuran, nalika paraga pacaturan karo paraga liyane nduweni bab kang lucu lan unik

amarga nalika dhialog nggunakake basa campuran, basa Jawa logat Jawa timuran, Jawa medhok lan uga ana sing nggunakake basa Indonesia. Tuturane cetha, basane ceblang-ceblung, *santai* lan apa anane. *Film* Yowis Ben kalebu *film* ing *bioskop* wiwitan kang nggunakake sangangpuluh persen basa Jawa. Fajar Nugros lan Bayu Skak minangka sutradara ing *film* iki nduweni tujuwan yen *film bioskop* basa Jawa wiwitan iki kanggo nyawijkake Nuswantara lan nglestarekake basa Dhaerah mligine basa Jawa tan saya mungkret. Sajrone *film* karaya Bayu Skak iki uga akeh banget babak kang menehi piwulang-piwulang sosial kanggo urip ing bebrayan.

Alasan panliten iki yaiku adhedaras pamikiran, antarane kang sepisanan yaiku *bioskop* minangka salah siji piranti kang digunakake kanggo nyebarake karyakarya arupa *film*. *Bioskop* minangka piranti medhia elektronik kang diminati masyarakat kanggongrungokake lan delok tayangan *film-film* anyar kang disenengi salah sijine *film* Yowis Ben karya Bayu Skak. Saengga medhia kang paling *efektif* kang digunakake kanggo mangaribawani wong liya bisa lumantar tayangan *film* ing *bioskop*. Kapindho yaiku *film* kang ana ing *bioskop*, minangka medhia kang digunakake kanggo palipur lan ngajak uga mangaribawani wong liya lan masyarakat supaya bisa tumindak kang luwih apik. Dadi bisa didudut yen *film* minangka piranti kanggo palipur lan ngajak marang kang becik supaya saben wong bisa ana ing dalam kang lurus, mindakake kang becik lan ngedohi tumindak kang ala. Saka tuturane sajrone adhegan-adhegan *film* Yowis Ben kang nggunakake basa Jawa bisa dititi tindak tutur perlokusine.

Adhedaras andharan kasebut, mula panulis bakal nindakake panliten ngenani “*Tindak Tutur Perlokusni sajrone Film Yowis Ben Karya Fajar Nugros lan Bayu Eko Moektito (Bayu Skak)*”.

## Metodhe

Ancangan kang digunakake sajrone panliten iki asipat *kualitatif deskriptif*. Panliten iki nggunakake jinis *kualitatif*. Panliten *kualitatif* yaiku prosedur panliten kang ngasilake dhata deskriptif arupa tembung-tembung

katulis utawa lisan saka wong-wong lan perilaku kang bisa dideleng (Bogdan lan Tailor sajrone Moelong, 2012:4). Banjur ana maneh pamawas dening Surana (2015:27) kanggo munjerake panliten bisa katindakake kanthi maneka metodhe, yaiku (1) anane dhata, (2) analisis dhata, lan (3) nyuguhake asil anasis dhata.

Miturut Sudikan (2001:85) metodhe panliten diselarasake karo maksud lan tujuwan panliten. Sajrone panliten iki, nggunakake metodhe panliten kualitatif dheskriptif kanggo nggambareke kahanan kanthi luwih objektif. Panliten iki sejatine tumindak ilmiah kanggo nglumpukake dhata. Panliten kualitatif yaiku panliten kanthi maksud kanggo ngertenai kedadeyan apa wae kang dirasakake subjek panliti.

Panliten iki gegayutan karo gegambarane panliti, ngenani objek kang dirembung ing panliten. Metodhe iki kanggo nggambareke kasunyatan-kasunyatan saka objek kang ditliti. Saengga bisa nyuguhake asil kang bener. Panliten ngenani Tindak Tutur Perlokusi sajrone *Film Yowis Ben Karya Fajar Nugros lan Bayu Eko Moektito (Bayu Skak)* iki klebu panliten *kualitatif* amarga kanggo nggambareke samubarang kanthi apa anane. Asile sumber dhata kanggo nliti Tindak Tutur Perlokusi sajrone *Film Yowis Ben Karya Fajar Nugros lan Bayu Eko Moektito (Bayu Skak)*, yaiku arupa asil saka *observasi* utawa pengamatan saka medhia elektronik**bioskop**.

Sumber dhata *primer* yaiku sumber dhata kang asale saka objek kang ditliti. Sumber dhata primer yaiku *Film Yowis Ben Karya Fajar Nugros lan Bayu Eko Moektito (Bayu Skak)* ing *bioskop*. Panliten iki nggunakake transkripsi saka tayangan *Film Yowis Ben Karya Fajar Nugros lan Bayu Eko Moektito (Bayu Skak)* ing *bioskop*. *Bioskop* minangka piranti medhia elektronik kang diminati masyarakat kanggo ndelok *filmsing* anyar lan narik kanggo didelok salah sijine *film* Yowis Ben sing ditayangake ing bioskop tanggal 22 Pebruari 2018.

Dhata kang ana sajrone objek tindak tutur *perlokusi* sajrone *Film Yowis Ben Karya Fajar Nugros lan Bayu Eko Moektito (Bayu Skak)*. Dhata kang arupa tuturan-tuturan para paraga sajrone adegan ing *film* kang nggunakake basa Jawa logat Jawa timuran.

Instrumen panliten yaiku sawijine alat kanggo ngukur fenomena alam utawa sosial apa kang bakal diamati (Sugiyono, 2012:102). Panliten iki nggunakake instrumen utama lan instrumen panyengkuyung. Instrumen utama kang kudu ana lan wajib dianakake, dene instrumen panyengkuyung yaiku instrumen kang bisa nyengkuyung instrumen utama supaya bisa ngasilake asil kang maksimal sajrone panliten. Miturut Arikunto (2010:101) instrumen yaiku alat bantu kanggo nglumpukake dhata supaya gampang lan sistematis. Panliten iki nggunakake instrumen panliten yaiku:

- (1) Panliti yaiku wong kang nliti panliten kasebut. Panliti minangka instrumen utama amarga panliti kasebut kang ngertenai perkara kang arep digoleki.
- (2) Leaptop minangka instrumen panyenkyung salah siji piranti kang digawe nggarap sumber dhata kang awujud *Film Yowis Ben Karya Fajar Nugros lan Bayu Eko Moektito (Bayu Skak)* ing *bioskop*. *Handphone* uga kalebu instrumen panyengkuyung kanggo ngrekam cecaturan sajrone film Yowis Ben nalika isih tayang ing *bioskop*.
- (3) Piranti kanggo nulis kang digawe nulis bab-bab kang diperlokake. Piranti kanggo nulis minangka instrumen panyengkuyung.

Tata cara panliten iki nggunakake telung cara yaiku (1) tata cara nglumpukake dhata, (2) tata cara njlentrehake dhata, (3) tata cara ngandharake dhata (Sudaryanto, 1986:62 lan 1998:2-9). Metodhe semak yaiku teknik lanjutan nalika kang ditindhakake nerapake metodhe semak.

Sajrone panliten kualitatif, teknik nglumpukake dhata kang utama kang utama yaiku teknik *dokumentasi* yaiku nggoleki dhata-dhata ngenani bab-bab kang arupa cathetan, transkrip, buku, surat kabar, kalawarti, prasasti, notulen, rapat, lengger, ageda lan liya-liyane (Arikuwanto sajrone Widyarini,2013:24). Teknik dokumentasi iki digunakake kanggo mangerteni gambaran umum ngenani dhata-dhata kang selaras karo panliten iki. Saengga dhata kang ana bisa luwih dipercaya. Dokumen kang ana yaiku arupa tuturan kang ana ing adegan-adegan sajrone babak ing *film* Yowis Ben Karya Fajar Nugros lan Bayu Eko Moektito (Bayu Skak) kang nggunakake basa Jawa lan Indonesia. Kanthi nggunakake piranti *leaptop* lan alat tulis. Cathet yaiku nulis samubarang kang dianggep wigati lan ana sambung rakete karo panliten kang ditindhakake. Sajrone panliten iki kang jangkep wigati yaiku milah-milah dhata, tetembungan kang digunakake, bab-bab kang urung dimangerteni lan wektu sajrone tuturan.

Dhata kang wis ana banjur ditranskripsi lan diklasifikasi. Sakabehe dhata dikelompok-klompokne miturut jinis miturut tindak tutur adhedaras kategori lan fungsi tindak perlokusi sajrone *Film Yowis Ben Karya Fajar Nugros lan Bayu Eko Moektito (Bayu Skak)* kang ditentokake ana maneka warna tuturan tindak perlokus.

Proses transkripsi dhata iki gegayutan karo nulis sakabehe dhata kang wis ditemokake tanpa ngowahi apa kang dadi tuturan sajrone *Film Yowis Ben* kang minangka sumber dhata, kanthi transkripsi. Dhata kang ditemokake kanthi metodhe nyemak marang sumber dhata kang wis ditemokake lan nggunakake teknik cathet ditulis apa anane. Tujuwane transkripsi dhata kanggo meruhi sepiha akehe dhata kang wis dikumpulake.

Sawise nindakake tahap transkripsi kang awujud tulisan, banjur diterusake nggunakake tahap klasifikasi dhata. Dhata kang wis dipilih sajrone transkripsi dhata banjur diklasifikasi adhedhasar punjere panliten. Klasifikasi dhata ditindakake kanthi *memilah-memilih* tembung utawa ukara kang ngandut wujud tindak tutur perlokusi (LDT2.3.KC). Tuladha sajrone babak pambuka ing *film* Yowis Ben:

- (4) Bayu : Jangkrik mogok maneh rek, wingi wis mogok saiki mogok maneh. Gak mogok wae gak isa ta? Kirik, sepeda motor kirik! Mogok maneh ayo, mogok maneh! Jangkrik!  
Kamidi : (nyadhuk sepedha motore Bayu)  
Bayu : Loh! (mlayu mara neng becake Kamidi banjur mbales nyadhuk becake Kamidi)  
Kamidi : Woy..! koen iku lapo nendhang becakku??  
Bayu : Lha koen lapo nyepaki sepedha motorku cuk!!  
Kamidi : Mas Bayu toh?  
Bayu : Iya! Apa a?  
Kamidi : Kamidi..  
Bayu : Kamidi apa??

Dhata ing ndhuwur nuduhake anane tindak tutur kang ditindakake dening wong enom minangka panutur marang wong tuwa minanka mitratutur. Tuturan dhata kasebut kalebu tindak tutur perlokusi amarga panutur mangaribawani mitra tutur kanggo nindakake tindakan. Cecaturan kasebut kadadeyan nalika panutur nesu lan misuh-misuh marang sepedha motore sing mogok, banjur keprungu marang mitratutur lan melu nyadhuki sepedha motore panutur.

Dhata (4) nduweni teges yen tuturan kasebut kalebu tindak tutur perlokusi agawe mitra tutur nindakake. Krana arupa tuturan kang nduweni maksud merbawani marang mitra tutur kanthi apa anane banjur kantindakake. Tuturan kasebut minangka omongane saka panutur yaiku Bayu, kang nduweni sipat *subjektif*. Bisa dibuktekake karo ukara **“Jangkrik mogok maneh rek, wingi wis mogok saiki mogok maneh. Gak mogok wae gak isa ta? Kirik, sepeda motor kirik! Mogok maneh ayo, mogok maneh! Jangkrik!”**. Tuturan dituturake lumantar omongane dhewe kanggo ngomeng neng sepeda motore dhewe sing asring mogok. Sakliyane kuwi tuturan kasebut bisa dituturake kanthi swara jelas, teges, ana penekanan-penekanan ing tembung-tembung tartamtu, lan swasana tegang.

Dhata kasebut nduweni maksud nyemoni sepeda motor sing asring mogok, nanging tuturan kasebut dirungokake dening Kamidi sing lagi mangkal karo becake. Banjur Kamidi marani Bayu lan nyadhuk motore Bayu, ing kono Bayu ora terima banjur mbales mlayu

marani becake Kamidi lan nyadhuk becake. Kanthi andharan kang kaya mangkono kuwi, panutur ora sengaja merbawani mitra tutur kanthi omongane marang motore dhewe, sing agawe mitra tutur melu nyadhuk sepeda motore. Mitra tutur ing kono uga bisa merbawani lumantar tumindake nyadhuk sepeda motore panutur, yaiku panutur mbales nyadhuk marang becake mitra tutur. Tuturan kang diandharake panutur kuwi nuwuhake pangaribawa tumrap mitra tutur yaiku tumindhak nyadhuk sepeda motor. Tuturan adegan kasebut gegayutan karo kahanan kang ana ing *bioskop* kang rata-rata sing delok bocah nom-noman utawa rumaja.

Sawise dhata diklasifikasi, tahap sabajure yaiku verifikasi dhata, yaiku ngecek saka dhata sing wis dikumpulake kanggo meruhi keabsahan dhata kasebut. Sajrone tahap verifikasi iki, panliti ngecek maneh keabsahan dhata kanthi cara ngrungokake maneh asil wawancara panliti marang para ahli utawa informan lan nyocogake kanthi asil wawancara kang wis ditulis dening panliti.

### Andharan

Sajrone andharan iki kaandharake dhata saka asile panliten. Dhata kang dijlentrehake trep karo punjere panliten kang ana ing tindak tutur *perlokusi* sajrone *film* yowis ben karya Fajar Nugros lan Bayu Eko Moektito. Dhata kang wis diandharake bakal dijlentrehake trep karo pitakonan kang ana ing punjere panliten kaya ing ngisor iki.

### Wujud Tindak Tutur Perlokusi sajrone *Film Yowis Ben karya Fajar Nugros lan Bayu Eko Moektito (Bayu Skak)*

Wujud tindak tutur perlokusi sajrone *film* yowis ben kang disutradarai dening Fajar Nugros lan Bayu Eko Moektito ikeh banget kang nggunakake dialok sing kalebu tindak tutur perlokusi. TTPFYB kang ditiliti, ana telung verba kang mujudake tindak tutur perlokusi, yaiku tindak tutur perlokusi (agawe mitra tutur nyinauni yen), tindak tutur perlokusi (agawe mitra tutur nindakake), lan tindak tutur perlokusi (agawe mitra tutur mikirake). Luwih cethane bakal dijlentrehake ing ngisor iki.

### Tindak Tutur Perlokusi (agawe mitra tutur ngerti)

Tindak tutur perlokusi iki (agawe mitra tutur ngerti) kang ana sajrone dialok ing *film* Yowis Ben. Kayata ing asil panliten ing ngisor iki.

- (1) Bakul Bakso : (nuduhna jenenge band neng papan) Yowis Ben. “menunjukkan nama band dipapan”  
Bayu, Nando, Doni lan Yayan : Yowis Band...  
Bakul Bakso : Ora nganggo D “Tidak pakai D”

Bayu : Berarti Yowis B-e-n

Dhata (1) ditindakake dening panutur kanthi jinis kelamin lanang, umur tuwa, status ekonomi sedhengan. Mitratutur kanthi jinis kelamin lanang, umur enom, status ekonomi sedhengan. Sesambungan antara kalarone yaiku durung padha kenal. Cecaturan kasebut kadadeyan nalika panutur lan mitratutur cecaturan ing studhio *band*, mitratutur ing kono mikirake jeneng *band* sing dikarepake dening panutur.

Dhata (1) nduweni teges yen tuturan kasebut kalebu tindak tutur perlokusi agawe mitra tutur ngerti. Krana arupa tuturan kang nduweni maksud merbawani marang mitra tutur kanthi apa anane banjur dingerten. Tuturan kasebut minangka omongane saka panutur yaiku Bakul Bakso, kang nduweni sipat *subjektif*. Bisa dibuktekake karo ukara "**Ora nganggo D**". Tuturan dituturake lumantar omongane dhewe, ngongkon mitratutur nganggo jeneng *band* "Yowis Ben" dudu "Yowis Band". Saliyane kuwi tuturan kasebut bisa dituturake kanthi swara jelas, teges, ana penekanan-penekanan ing tembung-tembung tartamtu, lan swasana tenang.

Panutur ing dhata (1) nduweni maksud kanthi ngomongi lan ngongkon nindakake kang dadi tuturane saengga mitratutur ngerti. Bakul Bakso minangka panutur ing kono ngongkon Bayu minangka mitratutur nganggo jeneng *band* kanthi tulisan kang dikarepake dening Bakul Bakso yaiku "Yowis Ben". Kanthi andharan kuwi, panutur merbawani mitra tutur kanthi omongane sing agawe mitra tutur ngerti karepe tuturane panutur. Tuturan kang diandharake panutur kuwi uga nuwuhake pangaribawa tumrap mitra tutur yaiku nindakake kanthi ngganti jeneng *band* saka tulisan Yowis Band dadi Yowis Ben.

#### Tindak Tutur Perlokusi (agawe mitra tutur nindakake)

Tindak tutur perlokusi iki (agawe mitra tutur nindakake) kang ana sajrone dialok ing film yowis ben. Kayata ing asil panliten ing ngisor iki.

- (2) Bayu : Jangkrik mogok maneh rek, wingi wis mogok saiki mogok maneh. Gak mogok wae gak isa ta? Kirik, sepeda motor kirik! Mogok maneh ayo, mogok maneh! Jangkrik! "Jangkrik mogok lagi, kemarin sudah mogok sekarang mogok lagi. Tidak mogok saja tak bisa kah? Anjing, sepeda motor anjing! Mogok lagi ayo, mogok lagi!"

Kamidi : (nyadhuk sepedha motore Bayu)"menendang sepeda motornya Bayu"

Bayu : Loh!(mlayu mara neng becake Kamidi banjur mbales nyadhuk becake Kamidi)"berlari menghampiri becaknya Kamidi,kemudian membalas menendang becaknya kamidi"

Kamidi : Woy..! koen iku lapo nendhang becakku?"woy, kamu itu ngapain menendang becakku?"

Bayu : Lha koen lapo nyepaki sepeda motorku cuk!!"lah kamu ngapain menendang sepeda motorku cuk!"

Cecaturan ing dhata (2) ditindakake dening panutur kanthi jinis kelamin lanang, umur enom, status ekonomi sedhengan. Mitratutur kanthi jinis kelamin lanang, umur tuwa, status ekonomi sedhengan. Sesambungan antara kalarone yaiku kanca. Cecaturan kasebut kadadeyan nalika panutur lan mitratutur cecaturan ing dalanan kutha, mitratutur ing kono nyadhuk sepeda motore panutur, merga mitratutur keprungu panutur sing lagi nesu marang sepeda motore dhewe.

Dhata (2) nduweni teges yen tuturan kasebut kalebu tindak tutur perlokusi agawe mitra tutur nindakake. Krana arupa tuturan kang nduweni maksud merbawani marang mitra tutur kanthi apa anane banjur ditindakake. Tuturan kasebut minangka omongane saka panutur yaiku Bayu, kang nduweni sipat *subjektif*. Bisa dibuktekake karo ukara "**Jangkrik mogok maneh rek, wingi wis mogok saiki mogok maneh. Gak mogok wae gak isa ta? Kirik, sepeda motor kirik! Mogok maneh ayo, mogok maneh! Jangkrik!**". Jangkrik! Tuturan dituturake lumantar omongane dhewe, banjur keprungu dening Kamidi sing lagi mangkal ing dalan, sawise krungu Bayu nesu, Kamidi marani Bayu karo nyadhuki sepeda motore. Saliyane kuwi tuturan kasebut bisa dituturake kanthi swara jelas, teges, ana penekanan-penekanan ing tembung-tembung tartamtu, lan swasana tegang. Kanthi andharan kang kaya mangkono kuwi, panutur merbawani mitra tutur kanthi omongane sing agawe mitra tutur nindakake kanthi nyadhuki sepeda motore Bayu.

- (3) Bayu : Halo-halo Cak..

Cak Jon : Apa?

Bayu : Milih sing ndi aku iki? Sing iki utawa sing iki? Sing ndi cak? (ndudohna klambi sing arep dienggo) "Pilih yang mana aku ini? Yang ini apa yang ini? Yang mana kak?(melihatkan baju yang mau dipakai)"

Cak Jon : Sing pertama kuwi “Yang pertama itu”  
Bayu : Yawis-yawis “Yasudah-  
yasudah”  
Cak Jon : Ehh Bay-bay sik? “Eh, Bay-  
bay bentar”  
Bayu : Apa maneh? “apa lagi?”  
Cak Jon : Tambah kanggo  
gincu “Tambah pakai  
lipstik”  
Bayu : Gincu? “Lipstik?”  
Cak Jon : Ben kowe kaya Boy band  
korea “supaya kamu seperti  
boy band kore” (sesuke Bayu  
nganggo klambi karo  
gincuan budhal neng  
sekolah) “besokya Bayu  
memakai baju dan lipstik  
berangkat ke sekolah”

Cecaturan ing dhata (3) ditindakake dening panutur kanthi jinis kelamin lanang, umur tuwa, status ekonomi sedhengan. Mitratutur kanthi jinis kelamin lanang, umur enom, status ekonomi sedhengan. Sesambungan antara kalarone yaiku isih sakulawarga, mitratutur minangka ponakane panutur. Cecaturan kasebut kadadeyan nalika panutur lan mitratutur cecaturan ing *handphone* lumantar *video call*, mitratutur ing kono bingung arep nganggo sandhangan apa lan macak kepriye ben katon bagus. Panutur ing kono banjur menehi pamanggih ngongkon ngganggo gincu.

Dhata (3) nduweni teges yen tuturan kasebut kalebu tindak turur perlokusi agawe mitra turur nindakake. Krana arupa tuturan kang nduweni maksud merbawani marang mitra turur kanthi apa anane banjur ditindakake. Tuturan kasebut minangka omongane saka panutur yaiku Cak Jhon, kang nduweni sipat *subjektif*. Bisa dibuktekake karo ukara “**Tambah kanggo gincu**”. Tuturan dituturake lumantar omongane dhewe, ngongkon mitratutur nganggo gincu ben tambah bagus. Saliyane kuwi tuturan kasebut bisa dituturake kanthi swara jelas, teges, ana penekanan-penekanan ing tembung-tembung tartamtu, lan swasana tenang. Kanthi andharan kuwi, panutur merbawani mitra turur yaiku nindakake kanthi nganggo gincu supaya tambah bagus kaya dene *boyband* Korea.

#### Tindak Tutur Perlokusi (agawe mitra turur mikirake)

Tindak turur perlokusi iki (agawe mitra turur mikirake) kang ana sajrone dialok ing film yowis ben. Kayata ing asil panliten ing ngisor iki.

- (4) Bayu : Wis selikur jam, limalas menit, patang puluh papat koma lima detik. Di waca tapi gak di bales. Terus yak apa nek misale engko iki... “Sudah 21

jam, 15 menit, 44,5 detik. Dibaca tapi nggak dibalas. Terus gimana nanti kalau..”

Cak Jon : Wis talah Bay.. puisi iku manjur, jaman semana iku gak ana bintang sekolah sing ora kecanthol setelah maca puisi iku “*Sudah lah Bay, puisi itu manjur, jaman dulu itu nggak ada bintang sekolah yang tidak kecantol setelah baca puisi itu*”

Bayu : Tapi iki temenan blas gak direspond cak Jon.. “*Tapi ini beneran nggak direspond loh Cak Jon*”

Cak Jon : Wedok iku gengsine gedhe, nek gak percaya deloken aku (Bayu nyawang awake cak Jon sing lemu) “*Cewek itu gengsinya besar, kalau nggak percaya lihat saya (Bayu melihat badannya Cak Jon yang besar)*”

Bayu : Apa a cak Jon? “*Kenapa Cak Jon?*”

Cak Jon : Nek gak gedhe ya pasti aku wis rabi “*Kalau nggak besar ya pasti saya sudah nikah*”

. Cecaturan ing dhata (4) ditindakake dening panutur kanthi jinis kelamin lanang, umur tuwa, status ekonomi sedhengan. Mitratutur kanthi jinis kelamin lanang, umur enom, status ekonomi sedhengan. Sesambungan antara kalarone yaiku isih sakulawarga, mitratutur minangka ponakane panutur. Cecaturan kasebut kadadeyan nalika panutur lan mitratutur cecaturan ing ndhuwur balkon omahe, mitratutur ing kono mikirake kenapa *chatpuisine* durung dibales. Panutur banjur menehi omongan yen *puisi* iku bakal manjur.

Dhata (4) nduweni teges yen tuturan kasebut kalebu tindak turur perlokusi agawe mitra turur mikirake. Krana arupa tuturan kang nduweni maksud merbawani marang mitra turur kanthi apa anane banjur disinauni. Tuturan kasebut minangka omongane saka panutur yaiku Cak Jhon, kang nduweni sipat *subjektif*. Bisa dibuktekake karo ukara “**Wedok iku gengsine gedhe, nek gak percaya deloken aku**”. Tuturan dituturake lumantar omongane dhewe, kanggo ngomongi mitratutur yen bocah wedok iku gengsine gedhe. Saliyane kuwi tuturan kasebut bisa dituturake kanthi swara jelas, teges, ana penekanan-penekanan ing tembung-tembung tartamtu, lan swasana guyon.

Panutur ing dhata (4) nduweni maksud kanthi ngomongi lan ngongkon nindakake kang dadi tuturane saengga mitratutur mikirake. Cak Jhon minangka panutur ing kono ngongkon Bayu minangka mitratutur kanggo nyawang awake sing gedhe, banjur Bayu mikirake apa sing dikarepake Cak Jhon kanthi tuturane kuwi. Kanthi andharan kang kaya mangkono kuwi, panutur merbawani mitra turur kanthi omongane sing agawe mitra turur

mikirake tuturane panutur. Tuturan kang diandharake panutur kuwi uga nuwuhake pangaribawa tumrap mitra tutur yaiku nindakake kanthi nyawang awake panutur sing gedhe.

- (5) Yayan : Apa Bay? "Apa Bay?"  
Bayu : Iku loh Yan.. (Nyawang Nando liwat, diubengi arek-arek wedok) "Itu loh Yan (melihat Nando jalan, dikrubbungi para cewek)"  
Yayan : Ayu Jane sing bandhu pink "Cantik ya yang bandu pink"  
Bayu : Hlo kok sing bandhu pink, sing lanang Yan.. "Loh kok yang bandu pink, yang laki-laki Yan"  
Yayan : Astagfirullah.. Awakdhewe ngomongne arek lanang? "Astagfirullah, kita ngomongin anak laki-laki?"

Cecaturan ing dhata (5) ditindakake dening panutur kanthi jinis kelamin lanang, umur enom, status ekonomi sedhengan. Mitratutur kanthi jinis kelamin lanang, umur enom, status ekonomi sedhengan. Sesambungan antara kolorone yaiku kanca cedhak. Cecaturan kasebut kadadeyan nalika panutur lan mitratutur cecaturan ing sekolah, mitratutur ing kono mikirake apa sing dikarearepake dening panutur kang ngongkon nyawang kanca sekolah liwat, nangng mitratutur malah nyawang sing nganggo bandhu *pink*, banjur panutur ngomongi yen sing dimaksut iku nyawang bocah lanang dudu bocah sing nganggo bandhu *pink*.

Dhata (5) nduweni teges yen tuturan kasebut kalebu tindak tutur perlokusi agawe mitra tutur mikirake. Krana arupa tuturan kang nduweni maksud merbawani marang mitra tutur kanthi apa anane banjur dipikirake. Tuturan kasebut minangka omongane saka panutur yaiku Bayu, kang nduweni sifat *subjektif*. Bisa dibuktekake karo ukara "**Iku loh Yan.. (Nyawang Nando liwat, diubengi arek-arek wedok)**". Tuturan dituturake lumantar omongane dhewe, ngongkon mitratutur nyawang bocah-bocah sing ana ing sekolah. Saliyané kuwi tuturan kasebut bisa dituturake kanthi swara jelas, teges, ana penekanan-penekanan ing tembung-tembung tartamtu, lan swasana tenang.

Panutur ing dhata (5) nduweni maksud kanthi ngomongi lan ngongkon nindakake kang dadi tuturane saengga mitratutur mikirake. Bayu minangka panutur ing kono ngongkon Yayan minangka mitratutur nyawang bocah-bocah ing sekolah, banjur Yayan mikirake apa sing dikarepake Bayu kanthi tuturane kuwi, sing disawang sing arek wedok apa lanang. Kanthi andharan kuwi, panutur merbawani mitra tutur kanthi omongane

sing agawe mitra tutur mikirake tuturane panutur. Tuturan kang diandharake panutur kuwi uga nuwuhake pangaribawa tumrap mitra tutur yaiku nindakake kanthi nyawang bocah sing nganggo bandhu werna *pink*, masiya ora kuwi sing dikarepake Bayu.

#### **Pananggape Mitra Tutur sajrone Tindak Tutur Perlokusi Film Yowis Ben Karya Fajar Nugros lan Bayu Eko Moektito (Bayu Skak)**

Tuturan kang dituturake dening panutur mesti oleh pananggap saka mitra tutur. Tindak tutur perlokusi kang diujarake panutur lumrahe ditanggepi dening mitra tutur kanthi wujud respon kang maneka werna. TTPFYB adhedhasar pananggape mitra tutur diperang dadi 2, yaiku tindak tutur perlokusi kang ditampa lan ditampik. Supaya luwih cetha asil panliten bakal dijilentrehake ing ngisor iki.

#### **Tindak Tutur Perlokusi kang Ditampa**

Tindak tutur perlokusi kan ditampa sajrone *film* yowis ben uga awujud respon kang maneka werna dening mitra tutur. Tindak tutur perlokusi kang ditampa ana 2, yaiku ditampa mitra tutur awujud basa lan solah bawa.

#### *Tindak Tutur Perlokusi kang Ditampa Awujud Basa*

Tindak tutur perlokusi kang ditampa awujud basa yaiku pananggape mitra tutur saka tuturan kang diwedharake dening panutur lumantar wangsulan saka tuturane panutur.

- (6) Bayu : Halo-halo Cak..  
Cak Jon : Apa?  
Bayu : Milih sing ndi aku iki? Sing iki utawa sing iki? Sing ndi cak? (ndudohna klambi sing arep dienggo) "Pilih yang mana aku int? Yang ini atau yang ini kak?(melihatkan baju yang mau dipakai)"  
Cak Jon : Sing pertama kuwi "Yang pertama itu"  
Bayu : Yawis-yawis "Yasudah-yasudah"

Dhata (6) ing nduhwur nuduhake tindak tutur antarane wong enom marang wong tuwa lan kalebu tindak tutur perlokusi amarga tuturan kasebut nduweni daya pangaribawa tumrap mitratutur saengga mitratutur nanggepi kanthi positip. Ing dhata (6) nuduhake yen mitratutur njaluk pamanggih ngenami sandhangan apa sing pantes dienggo. Dhata (4) ditindakake dening panutur wong tuwa lanang yaiku Cak Jon marang mitratutur wong enom lanang yaiku Bayu. Relasi sosial antara kolorone yaiku isih sakulawarga, dene mitratutur ing kene ponakane panutur kang status sosiale sedhengan.

Pitakonan dening mitratutur ing kene mujudake *stimulus*, saengga nuwuhake respon saka panutur awujud

menehi pamanggih dening mitratutur. Pamanggih dening panutur dumadi nalika mitratutur takon ngenani klambi apa sing pantes dienggo lan menehi pilihan, banjur panutur manehi pamanggih nganggo klambi sing didudohake wiwitan. Pamanggih ing dhata (4) ditampa kanthi cetha dening mitratutur. Kabuktekake saka wangslulan kang diwedharake dening mitratutur kaya ing dhata (6) “**Yawis-yawis**”. Panampane kasebut diwedharake marang panutur supaya panutur ngerti yen mitratutur kasebut pantes nganggo klambi sing dheweke pilih. Cecaturan ing dhata (6) padha nggunakake basa ngoko campur dialek Malang. Kalorone padha nggunakake basa ngoko amarga sesambungan antara kalorone isih kulawarga kang wis raket banget, minangka paklik marang ponakan.

(7) Kepala Sekolah : Saya disini memperkerjaan satpam itu kembar tiga, jadi kemanapun kalian pergi pasti ketemu sama satpam itu. Poin saya adalah mbolos artinya kalian mengkhianati orang-orang yang sayang kalian. Aja mbolos pelajaran!

Bayu : Nggih Pak “*Iya Pak*”

Dhata (7) ing ndhuwur nuduhake tindak tutur antarane wong enom marang wong tuwa lan kalebu tindak tutur perlokusi amarga tuturan kasebut nduwensi daya pangaribawa tumrap mitratutur saengga mitratutur nanggepi kanthi positip. Sajrone dhata (7) nuduhake yen panutur ing kene menehi wejangan lan menging supaya mitratutur ora mbolos nalika sekolah. Dhata (7) ditindakake dening panutur wong tuwa lanang yaiku Kepala Sekolah marang mitratutur wong enom lanang yaiku Bayu. Relasi sosial antara kalorone yaiku guru kalawan siswa.

Wejangan dening panutur ing kene mujudake *stimulus*, saengga nuwuahake respon saka mitratutur. Wejangan dening panutur dumadi nalika mitratutur konangan mbolos sekolah lan kena ukuman dening panutur. Wejangan ing dhata (7) ditampa kanthi cetha dening mitratutur. Kabuktekake saka wangslulan kang diwedharake dening mitratutur kaya ing dhata (7) “**Nggih Pak**”. Panampane kasebut diwedharake marang panutur supaya panutur ngerti yen mitratutur kasebut ora bakal mbolos sekolah maneh. Panutur ing dhata (7) nggunakake basa Indonesia campur basa Jawa ngoko lan mitratutur ing kene nggunakake basa Jawa krama. Mitratutur nggunakake basa krama kanggo ngurmati panutur minangka Guru lan Kepala Sekolah. Panutur nggunakake basa Indonesia campur ngoko amarga dheweke ora asli wong Jawa lan pangkate luwih dhuwur tinimbang mitratutur.

*Tindak Tutur Perlokusi kang Ditampa Awujud Solah Bawa*

Panampane tindak tutur perlokusi awujud solah bawa yaiku pananggape mitra tutur saka tuturan kang diwedharake dening panutur lumantar solah bawane mitra tutur.

(8) Bayu : Sik mas. Iki jenenge gak genah kabeh, apa gak usah dikeki jeneng wae pisan! “*Bentar kak. Ini nama nggak benar semua, apa nggak usah pakai nama sekalian!*”

Doni : Yowis. “*Yasudah*”

Nando : Yowis. “*Yasudah*”

Yayan : Yowis. “*Yasudah*”

Mas Studio : (Nesu kanthi nulis jenenge band dadi Yowis Ben) “*Sakit hati dengan menulis nama bandnya menjadi Yowis Ben*”

Konteks dhata (8) panutur ing kene bingung arep manehi jeneng *band* nalika arep latihan neng studhio. Dhata (8) ditindakake dening telung panutur wong enom jenis kelamin lanang yaiku Bayu, Doni, Nando, lan Yayan marang mitratutur wong enom lanang yaiku Panjaga Studhio. Relasi sosial antara kalorone yaiku kanca adoh. Bab kasebut bisa dideleng saka mitratutur sing ora nanggepi tuturane panutur kanthi lisan. Basa kang digunakake basa ngoko dialek Malang utawa Jawa timuran, cecaturan ing kene katon ora akrab, merga swasana ing kenen panutur padha bingung.

Anane panutur sing lagi bingung ing kene mujudake *stimulus*, saengga nuwuahake respon saka mitratutur awujud tindak solah bawa. Cecaturan ing kene dumadi nalika panutur lan mitratutur cecaturan ing studhio, panutur ing kene padha bingung anggone menehi jeneng *band* lan pungkase panutur ora menehi jeneng kanthi respon panutur liyane nyebut ukara “*Yawis*”, banjur mitratutur langsung nulis ing papan apa kang dadi tuturane panutur kanthi jeneng Yowis Ben. Tuturan dening panutur ing dhata (8) ditampa kanthi cetha dening mitratutur awujud solah bawa yaiku nesu kanthi nulis ing papan. Kabuktekake saka solah bawa mitratutur kang katulis ing dhata (8). Panampane kasebut kaduduhake marang panutur supaya panutur ngerti yen mitratutur kasebut nesu amarga panutur kesuwen anggone nggawe jeneng grup *band*.

(9) Susan : Kamu gak denger apa kata Roy?

Bayu : Denger, limang ewu, tuku bensin saliter, ndhang muliha..

Susan : Bukan itu.. mendingan kamu pergi dari sini

Bayu : Loh tapi San?

Susan : Pergi!

Bayu : (sedhih lan mbalik mulih karo nabraki montore Roy maneh)

Konteks dhata (9) panutur ing kene nesu marang mitratutur amarga wis nggawe lara atine lan ngongkon mitratutur mulih. Dhata (9) ditindakake dening panutur wong enom, jinis kelaminwedok yaiku Susan marang mitratutur wong enom lanang yaiku Bayu. Relasi sosial antara kolorone yaiku kanca raket, status sosial antara kolorone padha sedhengane. Basa kang digunakake basa Indonesia, amarga panutur ing kene ora asli saka suku Jawa lan mitratutur uga nanggepi kanthi basa Indonesia supaya bisa nyambung. Cecaturan antara kolorone katon ora akrab, merga panutur wis agawe lara atine mitratutur, saengga panutur ing kene nesu.

Rasa nesu saka panutur ing kene mujudake *stimulus*, saengga nuwuhake respon saka mitratutur awujud tindak salah bawa. Cecaturan ing kene dumadi nalika panutur lan mitratutur cecaturan ing ngarep omahe panutur, panutur ing kene nesu-nesu lan ngongkon mitratutur mulih. Tuturan dening panutur ing dhata (9) ditampa kanthi cetha dening mitratutur awujud salah bawa yaiku rasa sedhih lan langsung mulih . Kabuktekake saka salah bawa mitratutur kang katulis ing dhata (9). Panampane kasebut kaduduhake marang panutur supaya panutur ngerti yen mitratutur kasebut sedhih amarga panutur nesu-nesu lan ngongkon mulih kathi rasa emosi.

#### Tindak Tutur Perlokusi kang Ditampik

Tuturan kang diwedharake dening panutur ora mesthi ditampa dening mitra tutur. Bisa uga tuturan kang diwedharake ditampik dening mitra tuture kanthi wujud basa lan salah bawa. Kadadegan kuwi bisa dumadi lumrahe jalanan cara olehe medharake salah.

#### Tindak Tutur Perlokusi kang Ditampik Awujud Basa

Tindak tutur perlokusi kang ditampik awujud basa yaiku pananggape mitra tutur saka tuturan kang diwedharake dening panutur lumantar wangsanlan saka tuturan panutur.

(10) Kancane Stevia : "Stevia, Kopi itu hitam. Pisang goreng itu coklat. Stevia, kamu itu cantik, akupun jatuh cinta." (isi puisi)

Kanca sakelas : ciyee.. hahaha (ngguyu)(Tertawa)

Bayu : Ahh yawis lah! Stevia, aku diterima apa gak?"Ah yasudah lah! Stevia, aku diterima apa tidak?"

Stevia : loh ya... Gak! (ngguyu sakelas)"Loh ya.. nggak!(tertawa satu kelas)"

Dhata (10) ing ndhuwur nuduhake tindak tutur antarane wong enom marang wong enom lan kalebu tindak tutur perlokusi amarga tuturan kasebut nduweni daya pangaribawa tumrap mitratutur saengga mitratutur nanggepi kanthi positip. Ing dhata (10) nuduhake yen panutur lagi medharake rasa tresnane marang mitratutur kanthi tulisanpuisi, banjur diwaca ing njero kelas. Dhata (54) ditindakake dening panutur wong enom lanang yaiku Bayu marang mitratutur wong enom wedok yaiku Stevia. Relasi sosial antara kolorone yaiku kanca sakelas, mitratutur ing kene kanca sakelas lan bocah wedok sing disenengi, dene status sosial anatara kolorone padha sedhengane.

Panutur ing kenenakokake ngenani puisi sing dheweke gawe marangf mitratutur kang mujudake *stimulus*, saengga nuwuhake respon saka mitratutur awujud tuturan utawa basa. Tuturan panutur ing dhata (10) ditampik kanthi cetha dening mitratutur. Kabuktekake saka wangsanlan kang diwedharake dening mitratutur kaya ing dhata (10) "**Loh ya... Gak!**". Panampikane kasebut diwedharake marang panutur kanthi cetha lan teges supaya panutur ngerti yen dheweke ora seneng marang dheweke. Cecaturan ing dhata (10) padha nggunakake basa Jawa ngoko. Kolorone padha nggunakake basa ngoko amarga mitratutur ing kono kanca sakelas kang wis biyasa cecaturan lan ketemu.

(11) Ibuke Bayu : Edan apa awakmu! koen piker departemen store apa?"*Gila apa kamu! Kamu pikir departemen store apa?*"

Bayu : Ya sapa eruh Buk, marama dadi pecel departemen Departemen store iku dimulai teka diskon sing gedhe-gedhean Buk "*Ya siapa tau Bu, diam-diam jadi pecel departemen store. Departemen store itu dimulai dari diskon besar-besaran Bu*"

Ibuke Bayu : Diskon apa! Gak onok diskon- diskonan Modhal seket ewu njaluk diskon "*Diskon apa! Nggak ada diskon modal lima puluh ribu minta diskon*"

Bayu : Loh.. Buk..

Dhata (11) ing ndhuwur nuduhake tindak tutur antarane wong enom marang wong tuwa lan kalebu tindak tutur perlokusi amarga tuturan kasebut nduweni daya pangaribawa tumrap mitratutur saengga mitratutur nanggepi kanthi positip. Ing dhata (11) nuduhake panutur lagi ngrayu mitratutur kanggo njaluk diskon. Dhata (11) ditindakake dening panutur wong enom lanang yaiku

Bayu marang mitratutur wong tuwa wedok yaiku Ibuke Bayu. Relasi sosial antara kalarone yaiku ibu lan anak, dene status sosial antara kalarone padha sedhengane.

Stimulus dhata ing ndhuwur mujudake panutur lagi ngrayu mitratutur, saengga nuwuahake respon saka mitratutur awujud tuturan yen usahane kuwi modhale sithik. Tuturan panutur ing dhata (11) ditampik kanthi cetha dening mitratutur. Kabuktekake saka wangsanan kang diwedharake dening mitratutur kaya ing dhata (11) **“Diskon apa! Gak onok diskon-diskonan! Modhal seket ewu njaluk diskon”**. Panampikane kasebut diwedharake marang panutur supaya panutur ngerti yen dheweke ora gelem menehi diskon. Cecaturan ing dhata (11) padha nggunakake basa Ngoko masiya kalarone minangka ibu lan anak. Kalarone padha nggunakake basa ngoko amarga mitratutur wis kulina nganggo basa ngoko marang ibune dhewe.

#### *Tindak Tutur Perlokusi kang Ditampik Awujud Solah Bawa*

Panampike tindak tutur perlokusi awujud solah bawa yaiku pananggape mitra tutur saka tuturan kang diwedharake dening panutur lumantar solah bawane mitra tutur.

- (12)      Doni : Buk, Pak? Doni nduwe band “Bu, Pak? Doni punya band”  
Bapake Doni : Terus apa a? (karo maca koran) “Terus kenapa? (ambil baca koran)”  
Ibuke      Doni : (mung nyawang) “Cuma melihat”

Dhata (12) nuduhake tindak tutur kang ditindakake dening wong enom marang wong tuwa lan kalebu tindak tutur perlokusi amarga tuturan kasebut nduweni daya pangaribawa tumrap mitratutur saengga mitratutur nanggepi kanthi positip. Konteks dhata (12) panutur ing kene kandha marang wong tuwane yen dheweke duwe *band*. Dhata (12) ditindakake dening panutur wong enom jenis kelamin lanang yaiku Doni marang rong mitratutur wong tuwa lanang lan wadon yaiku Wong Tuwane dhewe. Relasi sosial antara kalarone yaiku wong tuwa kalawan anak. Bab kasebut bisa dideleng saka mitratutur sing ora nanggepi tuturane panutur kanthi lisan. Basa kang digunakake basa ngoko dialek Malang utawa Jawa timuran, cecaturan ing kene katon ora akrab, merga ing kene mitra tutur durung padha kenal.

Anane panutur sing lagi kandha ing kene mujudake *stimulus*, saengga nuwuahake respon saka mitratutur awujud tindak solah bawa. Cecaturan ing kene dumadi nalika panutur lan mitratutur cecaturan ing omah, panutur ing kene kandha yen dheweke duwe *band* marang wong tuwane supaya dheweke dingertenii,

nanging wong tuwa lorone mung nanggepi kanthi solah bawa. Tuturan dening panutur ing dhata (12) ditampik kanthi cetha dening mitratutur awujud solah bawa yaiku mung nanggepi kanthi nyawang panutur. Kabuktekake saka solah bawa mitraturur kang katulis ing dhata (12). Panampikane kasebut kaduduhake marang panutur supaya panutur ngerti yen mitratutur kasebut ora seneng yen panutur melu grup *band*.

- (13)      Tanggane Bayu : Woy wis bengi ngrameni! “Woy sudah malam, rame”

Kamidi : Kosik ta “Sebentar”

Tanggane Bayu : (nyawati barang karo tangga liyane)

“melempar barang bersama tetangga lainnya”

Kamidi : Jancuk! Nyeluk bala koen! “Jancuk! Manggil teman kamu”

Dhata (13) nuduhake tindak tutur kang ditindakake dening wong tuwa marang wong tuwa lan kalebu tindak tutur perlokusi amarga tuturan kasebut nduweni daya pangaribawa tumrap mitratutur saengga mitratutur nanggepi kanthi positip. Konteks dhata (13) panutur ing kene lagi nyanyi neng ngarep omah, banjur keprungu tangga omah. Dhata (13) ditindakake dening panutur wong tuwa jenis kelamin lanang yaiku Kamidi marang mitratutur wong tuwa wadon yaiku Tanggane omah. Relasi sosial antara kalarone yaiku padha ora kenale. Bab kasebut bisa dideleng saka mitratutur sing wani nanggepi tuturane panutur kanthi solah bawa. Basa kang digunakake basa ngoko dialek Malang utawa Jawa timuran, cecaturan ing kene katon ora akrab, merga ing kene mitra tutur durung padha kenal.

Anane panutur sing ngrameni ing kene mujudake *stimulus*, saengga nuwuahake respon saka mitratutur awujud tindak solah bawa. Cecaturan ing kene dumadi nalika panutur lan mitratutur cecaturan ing omah, panutur ing kene nyanyi kanthi swara banter, banjur keprungu tangga omah sing ora seneng lan nanggepi kanthi solah bawa. Tuturan dening panutur ing dhata (13) ditampik kanthi cetha dening mitratutur awujud solah bawa yaiku kanthi nyawati panutur. Kabuktekake saka solah bawa mitraturur kang katulis ing dhata (13). Panampikane kasebut kaduduhake marang panutur supaya panutur ngerti yen mitratutur kasebut ora seneng yen ana ramen-ramen swarane panutur.

#### *Tujuwane Panutur sajrone Tindak Tutur Perlokusi Film Yowis Ben Karya Fajar Nugros lan Bayu Eko Moektito (Bayu Skak)*

Sajrone tuturan panutur mesthi nduweni tujuwan tartamtu sing wis dirancang kanggo mitra tutur. TTPFYB adhedhasar tujuwan ing kene ana 2, yaiku tindak tutur

perlokusi kanthi tujuwan ngelem lan menehi panyengkuyung kanggo luwih cethane bakal djlentrehake ing ngisor iki.

#### Tindak Tutur Perlokusi kanthi Tujuwan Ngelem

Tindak tutur perlokusi kanthi tujuwan ngelem yaiku nyenengake mitra tutur kanthi cara menehi weruh kaluwihan-kaluwihan kang diduweni mitra tutur, banjur nuwuhake rasa seneng.

- (14) Cak Jon : Tambah kanggo gincu "*Tambah pakai lipstik*"  
Bayu : Gincu? "*Lipstik?*"  
Cak Jon : Ben kowe kaya Boy band korea "*Biar kamu seperti Boyband Korea*"

Konteks dhata (14) yaiku panutur ing kene ngelem supaya nganggo gincu lan bisa kaya *boyband* Korea. Tuturan kanthi tujuwan ngelem ing dhata (14) ditindakake dening panutur kanthi jinis kelamin lanang umur tuwa yaiku Cak Jon. Mitratutur kanthi jinis kelamin lanang umur enom yaiku Bayu, kanthi status ekonomi padha sedhengane. Relasi sosial antara kolorone yaiku isih sakulawarga.

Panutur ing kene ngelem mitratutur katon kaya *boyband* Korea yen nganggo gincu kanggo nyenengake lan gelem nggawe gincu. Tujuwan ngelem kaya ing dhata (14) bisa kedadeyan amarga sakapulinan. Panutur saben dina ngerti yen mitratutur seneng bocah wedok ayu, nalika iku ngerti mitratutur arep macak banjur dikon nganggo gincu supaya luwih nggantheng. Anane ngeleman saka panutur kaya ing dhata (14) nuwuhake pangaribawa tumrap mitratutur. Pangaribawane yaiku mitratutur nggawe gincu supaya bisa kaya *boyband* Korea, padha karo apa kang diomongake dening panutur. Kolorone nggunakake basa Jawa ngoko dialek Jawa timuran, cecaturan antara kolorone katon akrab merga wis kulina cecaturan saben dianane.

- (15) Bayu : Pak aku arep ngeterna pecel dhiluk "*Pak aku mau nganterin pecel sebentar*"  
Satpam : Ganteng men koen "*Ganteng banget kamu*"  
Bayu : Ya iya ta..(karo mesem seneng) "*Ya iya..(sambil tersenyem senang)*"

Dhata (15) nuduhake yen mitratutur arep ijin ngeterake pesenan pecel ing sekolah kanthi lambe gincunan, nanging panutur ngelem yen mitratutur nggantheng. Tuturan kanthi tujuwan ngelem ing dhata (15) ditindakake dening panutur kanthi jinis kelamin lanang umur tuwa yaiku Satpam sekolah. Mitratutur kanthi jinis kelamin lanang umur enom yaiku Bayu, status ekonomi sosial padha sedhengane. Banjur relasi

sosial antara kolorone yaiku kanca cedhak. Panutur ing kene ngelem mitratutur nggantheng supaya ora mutung anggone ngeterake pesenan pecele lan uga nggawe atine mitratutur seneng.

Ngelem kang diwedharake dening panutur ditampa dening mitratutur, panampane mitratutur bisa dideleng saka wangulan lan eseman ing dhata (15). Wangulan lan eseman mitratutur nuduhake yen dheweke pancen rumangsa nggantheng merga wis nggawe gincu. Tujuwan ngelem kaya ing dhata (15) bisa kedadeyan amarga saka pakulinan. Anane pangalembana saka panutur kaya ing dhata (15) nuwuhake pangaribawa tumrap mitratutur. Pangaribawane yaiku mitratutur seneng kanthi menehi eseman marang panutur, merga wis diarani nggantheng dening panutur. Kolorone nggunakake basa Jawa ngoko dialek Jawa timuran, cecaturan antara kolorone katon akrab merga wis kulina cecaturan saben dianane.

#### Tindak Tutur Perlokusi kanthi Tujuwan Menehi Panyengkuyung

Menehi panyengkuyung utawa motivasi marang mitra tutur uga kalebu tujuwan kang direng-reng dening panutur sajrone nindakake tindak tutur perlokusi utawa tindak tutur kang magaribawani mitra tutur. Tujuwan kang direng-reng dening panutur iki diajab bisa menehi daya kang gedhe marang mitra tutur supaya apa kang ditindakake dening mitra tuture bisa selaras karo kekarepane mitra tuture.

- (16) Bayu : Dhuh, merdu kaya manuk larang (krungu ngguyune cah wedok telu sing lungguh mburine) "*Duh, merdu seperti burung mahal (dengar tertawanya tiga anak perempuan yang duduk di belakangnya)*"

Doni : nyedheki arek wedok iku kaya ngono, aku loh nyedheki sing bandu pink. "*Deketin cewek itu seperti itu, aku loh deketin yang bandu pink*"

Bayu : Sing bandu pink? "*Yang bandu pink?*"

Doni : Iya, uayu areke. Tapi bapake galak. Terus aku ya tau nyedheki sing paling kiwa, ayu toh? Bapake uapik, ibuke sing galak "*Iya, cantik anaknya. Tapi bapaknya galak*".

Konteks dhata (16) yaiku panutur ing kene nyengkuyung marang mitratutur supaya nyedheki bocah

wadon kaya sing diomongake. Tuturan kanthi tujuwan nyengkuyung ing dhata (16) ditindakake dening panutur kanthi jinis kelamin lanang umur enom yaiku Doni status ekonomi dhuwur. Mitratutur kanthi jinis kelamin lanang umur enom yaiku Bayu, kanthi status ekonomi sedhengan. Relasi sosial antara kalarone yaiku kanca raket.

Panutur ing kene menehi panyengkuyung marang mitratutur merga mitratutur ora pecus nyedheki arek wedok sing apik vidhione. Tujuwan nyengkuyung kaya ing dhata (16) kedadeyan nalika kalarone cecaturan ing warung sekolah. Panutur ngerti yen mitratutur seneng bocah wedok, nanging bocah wedok sing disenengi kuwi ora bener, nalika iku panutur menehi panyengkuyung supaya nyedheki bocah wedok kaya sing diomongake. Anane panyengkuyungan saka panutur kaya ing dhata (16) nuwuhake pangaribawa tumrap mitratutur. Pangaribawane yaiku mitratutur nyedheki bocah wedok kaya sing diomongake panutur. Kalarone nggunakake basa Jawa ngoko dialek Jawa timuran, cecaturan antara kalarone katon akrab merga wis kulina cecaturan saben dianane.

(17) Cak Jon : Bay, wis rampung? Aku siktas teka e Bay “*Bay, sudah selesai?*”

Bayu : Ah wis pokoke rampung! Wis rampung, ajur! (karu nesu-nesu karo nangis) “*Ah sudah pokonya selesai! Sudah selesai bubar!(sambil marah-marah dan menangis)*”

Cak Jon : Bay, iki panggung pertamamu, nek gagal ya normal, gakana ceritane wong sukses neng dunya iki pertama coba langsung berhasil. “*Bay ini panggung pertamamu, kalau gagal ya normal, nggak ada ceritanya orang sukses didunia ini pertama coba langsung berhasil.*”

Konteks dhata (17) ing ndhuwur yaiku panutur ing kene nyengkuyung marang mitratutur supaya ora nesu perkara ora menang ing kompetisi. Tuturan kanthi tujuwan nyengkuyung ing dhata (17) ditindakake dening panutur kanthi jinis kelamin lanang umur tuwa yaiku Cak Jon status ekonomi sedhengan. Mitratutur kanthi jinis kelamin lanang umur enom yaiku Bayu, kanthi status ekonomi uga sedhengan. Relasi sosial antara kalarone yaiku isih kulawarga, mitratutur ponakane panutur.

Panutur ing kene menehi panyengkuyung marang mitratutur merga mitratutur nesu-nesu karo nangis amerga ora kasil anggone melu lomba. Tujuwan

nyengkuyung kaya ing dhata (17) kedadeyan nalika kalarone cecaturan ing panggon kompetisi *band*. Panutur ngerti yen mitratutur nesu perkarane ora oleh asil lan isin merga kalah, nalika iku panutur menehi panyengkuyung supaya panutur ora gampang *putus asa* merga iki lagi wiwitlan panutur melu lomba. Anane panyengkuyungan saka panutur kaya ing dhata (70) nuwuhake pangaribawa tumrap mitratutur. Pangaribawane yaiku mitratutur leren anggone nangis lan nesu. Kalarone nggunakake basa Jawa ngoko dialek Jawa timuran, cecaturan antara kalarone katon akrab merga wis kulina cecaturan saben dianane.

## Panutup

Adhedhasar asile pnliten Tindak Tutur Perlokusi sajrone Film Yowis Ben karya Fajar Nugros lan Bayu Eko Moektito (Bayu Skak), ngasilake dudutan ngenani wujud sajrone TTPFYB yaiku tindak tutur perlokusi (agawe mitra tutur nyinauni yen), tindak tutur perlokusi (agawe mitra tutur nindakake), lan tindak tutur perlokusi (agawe mitra tutur mikirake). Nanging, saka katelu perangan kasebut singpaling akeh digunakake sajrone tuturan ing film Yowis Ben yaiku lan tindak tutur perlokusi (agawe mitra tutur mikirake). Ngenani pananggape mitratutur sajrone TTPFYB yaiku tindak tutur perlokusi kang ditampa lan ditampik. Panutur kang nggunakake cara medharake kang dianggep bener dening mitratutur lumrahe bakal ditampa, banjur cara medharake kang dianggep kurang bener saperangan gedhe bakal ditampik. Dene TTPFYB kang paling akeh nduwени tujuwan menehi panyengkuyung kang diwedharake dening panutur marang mitratutur.

Wong enom kang paling akeh nindakake cecaturan lan jinis kelamin lanang sing kerep nindakake TTPFYB, amerga sajrone film Yowis Ben rata-rata paragane ditindakake dening wong enom. Banjur panutur kang nindakake TTPFYB akeh kang nduwени relasi sosial cedhak utawa kanca raket, bisa dideleng saka setting panggonan sajrone film Yowis Ben kang akeh manggon ing sekolah lan studhio band awit kuwi panutur lan mitratutur asring sesrawungan. Dene panutur lan mitratutur sajrone TTPFYB akeh kang nduweni status ekonomi sedhengan, bisa dideleng lumantar setting panggonan lan kahanan paraga, yaiku ing Malang, Jawa Timur kanthi kahanan paraga sing rata-rata isih gumantung marang wongtua. Teks ditemtokake dening konteks.

Asil panliten iki nunjukake wujud TTPFYB, pananggape mitratutur, lan tujuwane panutur kanthi lelandhesan stimulus, struktur sosial, relasi sosial kang isih durung ditliti kanthi jeru. Panliten iki bisa owah kanthi pangrembakane kajian pragmatik, mligine tindak

tutur perlokusi, amerga panliten iki asipat sempit lan isih adoh saka kasampurnan. Mula, mesthi bakal ana panliti liya kanggo ngrembakakake kajian tindak tutur perlokusi kanthi objek kang beda. Para pamaca kang nduweni minat kajian pragmatik, mligine tindak tutur perlokusi supaya luwih jeru nyinaoni ngenani apa kang ana ing tindak tutur perlokusi. Kanggo para guru basa Jawa supaya ora mandheg anggone ngrembakake ilmu basa ing masyarakat, mligine tindak tutr perlokusi kang bisa dadi bahan masukan sajrone piwulangan basa kanthi bener tumrap para siswa.

## Kapustakan

- Arifin, Bambang Syamsul. 2015. *Psikologi Sosial*. Bandung: CV Pustaka Setia.
- Arikunto, S. 2010. *Prosedur Penelitian Suatu Pendekatan Praktis*. Jakarta: Rineka Cipta.
- Austin, J. L. 1962. *How to Do Things with Words*. Oxford: Oxford University Press.
- Chaer, Abdul dan Leonie Agustina. 1995. *Sosiolinguistik Suatu Pengantar*. Jakarta: Rineka Cipta.
- Chaer, Abdul. 2004. *Sosiolinguistik*. Jakarta: Rineka Cipta.
- Dewi, Ika. J. K. 2016. *Tindak Tutur dan Prinsip Sopan-Santun Bahasa Humor Dalam Tayangan Ini Talkshow Di Net.Tv*. Skripsi tidak diterbitkan. Surabaya: JBSI FBS Unesa.
- Ekawati, Sunu. 2016. *Tindak Tutur Ilokusi Dakwah K.H. Anwar Zahid sajrone Pengajian Umum ing Desa Kanorejo Kecamatan Rengel Kabupaten Tuban*. Skripsi tidak diterbitkan. Surabaya: PBS FBS Unesa.
- Grice, H. P. 1975. *Logic and Conversation*. New York: Oxford University Press.
- Leech, Geoffrey. 1983. *Principles of Pragmatics*. Terjemahan ke dalam Bahasa Indonesia dilakukan oleh M.D.D.Oka. 1993. *Prinsip-Prinsip Pragmatik*. Jakarta: UI Press: London: Logman.
- Levinson, C. Stephen. 1983. *Pragmatics*. Cambridge: Cambridge University Press.
- Muliana, Suci. 2015. *Tindak Tutur Ekspresif Dalam Film Mimpi Sejuta Dolar Karya Alberthiene Endah*. (online) (<http://jurnal.uns.ac.id/prosidingprasasti/article/download/212/194&ved>, diunduh tanggal 22 Nopember 2018)
- Nababan, P. W. J. 1987. *Ilmu Pragmatik (Teori dan Penerapannya)*. Jakarta: Depdiknas.
- Nadar, F. X. 2009. *Pragmatik dan Penelitian Pragmatik*. Yogyakarta: Graha Ilmu.
- Riyanto, Subur. 2015. *Tindak Tutur Perlokusi dalam Iklan Radio di Kota Kebumen*. Skripsi tidak diterbitkan. Semarang: PBS FBS Unnes.
- Rustono. 1999. *Pokok-Pokok Pragmatik*. Semarang: CV IKIP Semarang Press.
- Searle, J. R. 1975. *Indirect Speech Acts*. New York: Academic Press.
- Sudaryanto, 1993. *Metodhe dan Aneka Teknik Analisis Bahasa Pengantar Penelitian Wahana Kebudayaan secara Linguistik*. Yogyakarta: DutaWacana University Press
- Sudaryat, Yayat. 2006. *Makna dalam Wacana Prinsip-prinsip Semantik dan Pragmatik*. Bandung: Yrama Widya.
- Sudikan, Setya Yuana. 2001. *Metode Penelitian Kebudayaan*. Surabaya: Citra Wacana.
- Sugiyono. 2012. *Metode Penelitian Kuantitatif Kualitatif Dan R&D*. Bandung: Alfabeta.
- Surana, S.S., M.Hum., I Dewa Putu Wijana, S. U. M. A., & Poedjosoedarmo, S. 2015. *Variasi Bahasa Dalam Stiker Humor* (Doctoral dissertation, Universitas Gadjah Mada). (online) ([http://etd.repository.ugm.ac.id/index.php?mod=book\\_detail&sub=BookDetail&act=view&typ=htmlext&buku\\_id=87892&obyeck\\_id=4&unitid=&jenis\\_id](http://etd.repository.ugm.ac.id/index.php?mod=book_detail&sub=BookDetail&act=view&typ=htmlext&buku_id=87892&obyeck_id=4&unitid=&jenis_id=), kakses 10 Nopember 2018)
- Susanti, Ratna. 2016. *Retorika Interpersonal Pragmatik Dalam Tindak Tutur Direktif Antara Dosen Dan Mahasiswa Dalam Kegiatan Akademik (Studi Kasus Di Politeknik Indonusa Surakarta)*. (online) (<http://Jurnal.Uns.Ac.Id/Prosidingprasasti/Article/Download/1628/1514> diunduh 11 Nopember 2018)
- Suyitno, Imam. 2006. *Tindak Tutur Dalam Perspektif Kajian Wacana*. (online) ([http://researchgate.net/publication/314600311TINDAK\\_TUTUR\\_DALAM\\_PERSPEKTIF\\_KAJIAN\\_WACANA](http://researchgate.net/publication/314600311TINDAK_TUTUR_DALAM_PERSPEKTIF_KAJIAN_WACANA) di unduh tanggal 17 Nopember 2018)
- Tarigan, H.G.2009. *Pengajaran Pragmatik*. Bandung: Angkasa.
- Wijana, I Dewa Putu. 1996. *Dasar-Dasar Pragmatik*. Yogyakarta: Andi Press.
- Yahya, Iwan Khairi. 2013. *Tindak Tutur Direktif Dalam Interaksi Belajar Mengajar Mata*

*Pelajaran Bahasa Dan Sastra Indonesia Di Sma  
Negeri 1 Mlati Sleman Yogyakarta (online).  
(<http://eprints.uny.ac.id/23286/1/Iwan%20Khairi%20Yahya%2008201244053.pdf>, kaunduh 10 Nopember 2018)*

